

Gid Konpayon pou Fich Rapò DHS OPIA - Founisè Lisansye DDD yo

Fich Rapò OPIA a afiche done ki soti nan inite operasyonèl ki apre la yo: Biwo Lisans yo (Office Of Licensing, OOL), Inite Jesyon Ensidan Kritik yo (Critical Incident Management Unit, CIMU), ak Biwo Ankèt yo (Office of Investigations, OI). Fich Rapò a gen ladan done pou ennan; entèval dat yo ka jwenn nan anèl rapò a. Done ki nan Fich Rapò a reprezante founisè kominotè ki lisansye pou bay sèvis pou moun ki gen andikap entelektiyèl/andikap nan devlopman. Ajans founisè yo gwoupe nan nivo selon gwosè ajans lan. Nan gwoup Nivo a, yo mansyone nan pa òd alfabetik. Pou plis enfòmasyon sou ajans yo, tankou nan ki konte yo sèvi, ki lòt sèvis yo bay, ak enfòmasyon pou kontakte yo, ou ka jwenn aksè nan Rechèch Founisè DDD yo isi a: <https://irecord.dhs.state.nj.us/ProviderSearch>. Tablo ki anba a dekri enfòmasyon ki sou Fich Rapò a:

Non Kolòn	Deskripsyon Kolòn	Endikatè Nòt
Non Ajans lan	Sa se non ajans lan jan li parèt sou lisans lan	Pa Aplikab
Kantite Fwaye yo	Sa reprezante kantite fwaye oswa apatman/gwoup apatman (pafwa yon lisans gen nan li plizyè apatman separe) yon ajans gen lisans pou yo.	Pa Aplikab
Kantite Moun Ki Ka Viv Nan Fwaye yo	Sa koresponn ak kantite maksimòm moun ajans lan lisansye pou bay sèvis rezidansyèl.	Pa Aplikab
Ajans lan respekte estanda sante ak sekirite yo	Sa reprezante yon analiz kantitatif ki endike nan ki pwen ajans lan te byen pèfòme nan enspeksyon lisans li a. Si, pandan yon enspeksyon, ajans lan resevwa yon kantite erè, l ap resevwa yon *lisans pwovizwa (olye de yon lisans konplè). Yo enspekte pwogram lan ankò apre 6 mwa anjeneral pou detèmine si yo te korije erè yo.	Si ajans lan resevwa 0 lisans pwovizwa 3 etwal vèt afiche. Si ant 1% ak 9% nan tout lisans ki te livre yo pwovizwa (ki siyifi te gen pwoblèm pou korije) 2 etwal jòn afiche. Si yon ajans te resevwa 10% lisans pwovizwa oswa plis pandan peryòd rapò a 1 etwal wouj afiche.
Ajans lan ap korije erè nan lisans yo nan yon delè apwopriye	Lè yon ajans resevwa yon lisans pwovizwa, li dwe korije pwoblèm yo epi yon lòt enspeksyon pral fèt nan sis mwa. Si pwoblèm yo pa rezoud yon fason apwopriye, yo livre yon lòt lisans pwovizwa, ki rele “lisans pwovizwa renouvle” avèk yon delè ki pi kout ki akòde pou amelyore.	Si yon ajans resevwa 0 lisans pwovizwa renouvle 3 etwal vèt afiche. Si yon ajans resevwa 1 lisans pwovizwa renouvle oswa plis 1 etwal wouj afiche.
Ajans lan rapòte evènman kritik bay Depatman an nan bon moman	Ajans yo dwe rapòte **ensidan kritik yo bay Depatman an nan menm jou oswa nan jou a oswa nan landmen.	Sa kalkile dapre kantite jou ki genyen ant dat estaf la konnen yon ensidan epi dat ensidan an rapòte bay Depatman an (pou tout ensidan ki rapòte pandan peryòd rapò a). Si medyan kantite jou pou fè rapò a sitiye ant 0 ak 1.0 jou, 3 etwal vèt afiche. Si medyan kantite jou pou fè rapò a sitiye ant 1.1 ak 1.9 jou, 2 etwal jòn afiche. Si medyan kantite jou pou fè rapò a se 2.0 jou oswa plis, 1 etwal wouj afiche.

Ajans lan fè swivi atan avèk aksyon pwoteksyon ak aksyon korektif kòm repons pou evènman kritik yo	Nan kèk ka, ajans lan oblije voye yon rapò swivi oswa yon rapò ankèt entèn bay Inite Jesyon Ensidan Kritik la (CIMU) nan lespas 30 jou ouvrab. Rapò swivi a dwe gen nan li dispozisyon ki pran kòm repons pou ensidan an epi aksyon ki prevwa pou evite ensidan an rive alavni.	Si yon ajans soumèt rapò swivi yo epi 0 a 10% nan yo te soumèt anreta, 3 etwal vèt afiche. Si yon ajans soumèt rapò swivi yo epi 11% a 19% nan yo te soumèt anreta, 2 etwal jòn afiche. Si yon ajans soumèt rapò swivi yo epi 20% nan yo oswa plis te soumèt anreta, 1 etwal wouj afiche.
Moun k ap viv nan kay yo san akizasyon grav pou abi, neglijans ak eksplwatasyon.	Pou mezi sa a, yo afekte pou kantite akizasyon fonde*** pou abi, neglijans ak eksplwatasyon Biwo Envestigasyon (OI) an te envestige yon to**** pou chak 25 moun ki resevwa sèvis.	Si to akizasyon fonde yo (pou chak 25 moun ki resevwa sèvis) sitiye ant 0 ak .50, 3 etwal vèt afiche. Si to akizasyon fonde yo (pou chak 25 moun ki resevwa sèvis) sitiye ant .51 ak .94, 2 etwal jòn afiche. Si to akizasyon fonde yo (pou chak 25 moun ki resevwa sèvis) se .95 oswa plis, 1 etwal wouj afiche.
Ajans lan pran dispozisyon apwopriye pou redui kantite fwa ensidan kritik yo rive pou moun k ap viv nan fwaye yo	Pou mezi sa a, yo kalkile to moun k ap viv nan fwaye yo ki te enplike nan 3 evènman kritik oswa plis oswa akizasyon fonde pou chak 25 moun ki resevwa sèvis. Ensidan kritik yo gen ladan abi, neglijans, eksplwatasyon, blesi grav, agresyon, lefèt yopa rele 911, nan yon ijans ki mete lavi an danje, atak seksyèl ak lanmò.	Si to moun ki enplike nan 3 ensidan kritik fonde oswa plis sitiye ant 0 ak .50, 3 etwal vèt afiche. Si to moun ki enplike nan 3 ensidan kritik fonde oswa plis sitiye ant entèval .51 ak 1.0, 2 etwal jòn afiche. Si to moun ki enplike nan 3 ensidan kritik fonde se 1.1 oswa plis, 1 etwal wouj afiche.
Eskò jeneral	Espas done sa a reprezante yon rezime evalyasyon ki atribye ak etwal.	Si ajans lan pa gen okenn etwal wouj sou rapò a, 3 etwal vèt afiche. Si ajans lan gen 1 oswa 2 etwal wouj, 2 etwal jòn afiche Si ajans lan gen 3 etwal wouj oswa plis, 1 etwal wouj afiche.
Remak	*Lisans Pwovizwa	Yon lisans pwovizwa akòde lè egzijans pou lisans yo rete san respekte epi egzijans lisans ki pa respekte yo mete sante, sekirite oswa byennèt moun k ap resevwa sèvis yo an danje dirèkteman, oswa si gen gwo vyolasyon konfòmite. Yon lisans pwovizwa konsidere kòm yon aksyon lisans negatif. Ajans lan sibi yon lòt enspeksyon nan 3 oswa 6 mwa (selon gravite erè yo) pou asire estanda respekte ki pa respekte yo korije.
	**Ensidan	Ensidan yo ka gen ladan “evènman” (ospitalizasyon, blesi pa aksidan) epi/oswa “akizasyon” (abi, neglijans, eksplwatasyon). Li pa ra pou yon ensidan gen nan li plis pase 1 sèl akizasyon oswa evènman. Ensidan yo dwe rapòte bay Depatman an konfòmeman ak Òdonans Administratif 2:05, “Jesyon ak Rapò sou Ensidan”.
	*** Akizasyon ki fonde	Yon konklizyon fonde siyifi te gen plis pase 50% prèv kredib ki montre yon akizasyon oswa yon sitiyaasyon vre ak/oswa li te rive. Mezi Nòt pou kolòn yo Moun k ap viv nan kay yo san akizasyon grav pou abi, neglijans ak eksplwatasyon epi Ajans lan pran dispozisyon apwopriye pou redui kantite fwa ensidan kritik yo rive pou Moun k ap viv nan fwaye yo kalkile nan konte chak akizasyon ak/oswa evènman byen diferan.
	**** To	Nou itilize yon to pou chak 25 moun ki resevwa sèvis pou kapte pwopòsyon yo paske gwosè ajans yo varye anpil. Itilizasyon yon to ede egalize chans yo dekwa pou gwosè ajans lan pa gen twòp enpak. To a pou chak 25 kalkile nan divize kantite akizasyon fonde yo pa kantite moun k ap viv nan fwaye lisansye yo epi miltipliye rezilta a (kosyan an) pa 25.